



AMERICAN ASSOCIATION FOR  
THE ADVANCEMENT OF SCIENCE

**Deklarasyon sou**

# **Libète syantifik ak responsablite syantifik**

**LIBÈTE SYANTIFIK AK RESPONSABLITE SYANTIFIK** se kondisyon ki endispansab pou avansman konesans pou avantaj tout moun. Libète syantifik se libète ke tout moun genyen pou angaje tèt yo nan rechèch syantifik, chache konesans, aplike konesans epi pataje konesans, san baboukèt. Libète syantifik pa janm ka depareye ak responsablite syantifik. Pratik youn fèt pou l toujou mache ak pratik lòt la. Responsablite syantifik se obligasyon nou genyen pou n rapousuiv e aplike lasyans avèk entegrite, pou avantaj tout moun sou latè, nan yon lespri pou n jere anviwonman nou e nan respè pou dwa moun.

AAAS.ORG